

## Deklarasyon sou Enpak Ekite: Adezyon ak MIAA

**Tit:** Manm Asosyasyon Espò Entèskolè Massachusetts

**Dat:** 13 juillet 2022

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la?  Wi  Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a?  Wi  Non

| Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo  | Rezime/Motif   |
|---|--|
| <p>1. <b>Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b><br/><i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, militeng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p> | <p>Aktyèlman, se pa tout elèv Lekòl Piblik Boston (BPS) yo ki nan klas 9yèm ane rive nan 12yèm ane ki gen aksè pou patisipe nan espò entèskolè yo. Soumèt yon demann pou Massachusetts Interscholastic Athletic Association (MIAA) yo nan non lekòl ki pa aktyèlman manm yo pral asire ke tout elèv BPS ki nan klas 9yèm rive nan 12yèm ane yo pral gen aksè pou patisipe nan espò entèskolè yo. Yon vòt Komite Lekòl la se yon pati obligatwa nan pwosesis pou konplete demann adezyon ak MIAA a</p> <p>Patisipasyon distri a nan MIAA se yon konpozan esansyèl pou asire ke elèv nou yo, majorite nan sa yo ki se manm popilasyon ki istorikman majinalize yo, gen opòtinite pou patisipe nan konpetisyon espò an ekip yo.</p> |
| <p>2. <b>Aliyman ak Plan Estratejik la</b><br/><i>Kijan pwopozisyon/efò a aliye ak plan estratejik distri a?</i></p>  | <p>Renouvèlman adezyon distri a aliye sou angajman Plan Estratejik pou Elimine Eka Opòtinite epi Elaji Opòtinite.</p>  |
| <p>3. <b>Analiz Done</b><br/><i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>  | <p>Yon evalyasyon te rive fèt pou detèmine ki lekòl BPS soti nan 9yèm ane rive nan 12yèm ane pa aktyèlman manm MIAA. Aplike pou adezyon an pou enkli tout lekòl BPS yo pral ede fèmen disparite nan opòtinite espòtif nan distri a.</p>  |
| <p>4. <b>Angajman Aktè yo</b><br/><i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>   | <p>MIAA, dirijan lekòl yo, kowòdonatè espòtif BPS yo, antrenè yo, elèv atlèt yo ak pèsonèl depatman espò BPS te rive konsilte. Elèv yo te ekspriye dezi pa yo pou yo kapab patisipe nan espò BPS yo. Angajman adisyonèl avèk elèv yo ak fanmi yo pral rive fèt pandan nou ap mete an èv nouvo opòtinite espòtif yo.</p>  |
| <p>5. <b>Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras</b><br/><i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>  | <p>Pwopozisyon sa pral abòde yon eka espesifik ki egziste aktyèlman ant lekòl ki se manm MIAA, ak lekòl ki pa sa yo. Si demann adezyon nan MIAA aksepte, tout elèv yo pral gen aksè pou patisipe toutotan yo reponn ak egzijans kalifikasyon MIAA yo sou yon baz endividyèl. Yo detèmine kalifikasyon a sou baz divès faktè tankou klas, laj, ak kantite ane nan lekòl la.</p>   |
| <p>6. <b>Bidjè ak Ekzekisyon</b><br/><i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>  | <p>Bidjè Ane Fiskal 2023 aktyèl la gen ladan l resous adisyonèl pou ekspansyon espò, epi pral kouvri kou frè adezyon anyèl adisyonèl yo nan MIAA. Tout lekòl ki gen elèv nan klas 9yèm-12yèm ane yo pral fè pati yo, epi egzekisyon an pral gen ladan l espesifikman idantifye tout eka nan aksè ansanm ak estrateji efikas pou fèmen eka sa yo.</p> <p>Yon fwa tout lekòl yo se manm MIAA, yon elèv ki frekante yon lekòl BPS ki pa ofri aktyèlman yon espò patikilye pral an mezi pou patisipe nan espò sa nan yon lòt lekòl BPS ki ofri li. Depatman Espòtif la, an kolaborasyon avèk</p>   |

|   |   |
|---|---|
|   | <p>dirijan lekòl yo, Sirentandan Adjwen Operasyon yo, ak pèsònèl MIAA yo, pral travay ansanm pou fòme divès ekip kooperatif milti lekòl epi pral veve yon jan pou tout elèv ki kalifye yo okouran de opòtinite sa yo.</p>   |
| <p><b>7. Responsablite ak Kominikasyon</b><br/><i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p> | <p>Yo pral evalye enpak la vya kantite patisipasyon, epi selon swivi kapasite elèv yo pou rete kalifye pou patisipe. Depatman Espòtif la, avèk sipò Divizyon Sipò Elèv la, pral dokimante ak kominike done sou patisipasyon yo ak dirijan lekòl yo, kowòdonatè espòtif yo epi ak MIAA a chak ane.</p> |